туўдырыўы тийкарында балада қызығыўшылықтың жоғалыўына алып келиўи мүмкин.

Үшиншиден, баланы жумбақ шешиўде жалықтырмаў ҳәм жумбақты тез табыўы ушын тәрбияшылар, ата-аналар жәрдем етиўи керек. Жумбақты узақ ўақыт даўамында балаларға бериў ҳәм жуўап талап етиўге мәжбүрлеўге де болмайды. Себеби баланың қыйын қурамалы процесс тийкарында балада қыйыншылықтың болыўы, соның менен бирге жумбақты шеше алмаўы, балада бийпәрўалықты пайда етеди.

Әдетте баланың ҳәр қандай интеллекттиң пайда болыўында, қандай да бир нәрсени салыстырыў, анализ ҳәм синтез қылыўдан басланады. Соның ушын ақлый жақтан жетилистириўде жумбақлар еситиў ҳәм оны шешиў арқалы салыстырыў, анализ ҳәм синтез қылыў тийкарында баланың салыстырыўлар, қубылыслар арасындағы өзгешеликлер ҳаққында түсиниклер тийкарында балада креативлик қәбилетлердиң қәлиплесиўине тийкар салған боламыз. Соның ушын мектепке шекемги дәўирдеги балалардың ойлаўды раўажландырыў процесинде жумбақлардың әҳмийетине итибар қаратыў, орны менен қолланыў талап етиледи.

**Әдебиятлар**

1. Пазылов А.К. Тәрбия ҳаққында ойлар. –Нөкис: «Билим», 2009, 3-б.
2. Жумашева Г.Х., Барыбина Н.С. Балалар турмысында халық дөретпелери. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995, 12-17-б.
3. Nishanova Z., Alimova G. Bolalar psixologiyasi va uni o‘qitish metodikasi. O‘quv qo‘llanma. –T.: O‘zbekiston Yozuvchilar uyushmasi, Adabiyot jamg‘armasi nashriyoti. 2006, 36-b.

**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада қорақалпоқ халқ педагогикаси асосида мактабгача даврдаги болаларнинг ақлий ривожланишида топишмоқларнинг аҳамияти ва уни қўлланишнинг тартиб қоидалари ҳақида айтиб ўтилган. Мақолада мактабгача таълим муассасалари тарбиячилари ва ота-оналар учун зарур тарбиявий хислатларнинг шакллантирилиши бўйича таклифлар баён этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы воздействия на умственное развитие дошкольников на основе загадок каракалпакской народной педагогики, развитие взаимоотношении родителей с воспитателями дошкольных учреждений.

**SUMMARY**

The article deals with the impact on the mental development of preschool children through riddles in Karakalpak folk pedagogy and the development of the relationship between parents and preschool teachers.

## BASLAWÍSH KLASS SABAQLÍQLARÍNÍŃ BILIMLENDIRIW JÁMÁÁTINDEGI ORNÍ

**U.Ixlasov** - *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*
**I.Ixlasov** - *assistent oqıtıwshı*
*QRXBXQTQAI*

**Tayanch so'zlar:** semiotika, ramzlar, elektron darslik, signallar haqidagi fan, tabiiy, tushunchalar, tushunchalarni signallar vositasida berish, so'z va tushuncha, kommunikatsiya sohasi, nutgiy tasavvur.

**Ключевые слова:** семиотика, знаки, сигналы, электронный учебник, наука о сигналах, природные явления , обяснение понятий с помощью сигналов, речевое восприятие, сфера коммуникации.

**Key words:** semiotics, signs, symbols, electronic textbook, the science on symbols , natural phenomena, explanation of signs by means of signals, speaking skills, sphere of communication.

Dáwir talaplarına juwap beriwshi baslawısh klasslardaǵı sabaqlıqlardı jaratıw hám onı úzliksiz túrde jetilistirip barıw, xalıq bilimlendiriw tarawındaǵı orınlanǵan, kerek bolsa óz sheshimin kútip turǵan áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp qalmaqta. Álbette, bul orında házirgi bilimlendiriw sabaqlıqların dúnya júzlik standartlarǵa tolıǵı menen juwap beriw zárúrliklerin de názerde shette qaldırmawımız zárúr. Ásirese jigirma jıldan keyin jámiyetshiligimiz elektron sabaqlıqlarǵa tolıǵı menen ótetuǵınlıgına gúman joq. Sol sebepli erteńgi kúndegi júzege keletúǵın elektron sabaqlıqlarına ótiwdiń tayarlıq jumısların ámelge asırıwdıń is-ilajların kóriwimizdiń zárúr ekenligi, turmısımızdıń ózi kórsetip otır.

Házirgi kúndegi baslawısh klass sabaqlıqlarınıń belgili bir baǵdarǵa iye bolıwshılıq jaǵdaylarına anıq bir baha beriw metodikalıq ilim-izertlew jumıslarına qoyılǵan principiyal talaplardıń biri bolıp esaplanatuǵınlıǵı sózsiz. Nege degende sabaqlıqlardıń erteńgi kúndegi beretuǵın nátiyjeleri, olardıń durıs jolǵa baǵdarlanıwshılıq jaǵdayları menen tıǵız baylanıslı ekenligin umıtpawımız kerek.

Házirgi kúndegi baslawısh klass sabaqlıqları bolıp esaplanǵan ana tili, tábiyattanıw, matematika muzıka hám taǵı da basqa sabaqlıqlardıń baǵdarı kóp jıllıq muǵallimler jámáátiniń pikirlerine súyengen halda emes, bálki bir topar avtorlar jámááti tárepinen dúzilgen pikirlew sheńberi dógereginde dúzilgenligin kóremiz.

Álbette, bul orında ayrıqsha atap ótetuǵın oraylıq máselelerdiń biri sıpatında Qaraqalpaqstan respublikasında pedagogikalıq iskerliklerin alıp baratuǵın muǵallimler jámáátiniń sabaqlıqları boyınsha recenziyalardı jazıw kónlikpelerine iye emesligi menen tıǵız baylanıslı ekenligi málim boldı. Biraqta bunday túrdegi recenziyalardı jaza almaǵanı menen, sabaqlıqlardaǵı orın alǵan jetiskenlikleri menen kemshiliklerge aydınlıqlardı bere alıwı kónlikpeleri «qanaatlandırarlıq» dárejede ekenligi málim boldı. Bunday kórinistegi bahanı tómendegi júrgizilgen sınawlar arqalı anıqlanadı. Dáslep júrgizilgen sınaw jumıslarınıń rejeleri dúzildi. Bul reje tiykarınan alǵanda altı kórinisten ibarat boldı.

**Birinshi kórinis:** Tiykarınan alǵanda bir sabaqlıq tájiriybe sınaw maydanına kiritildi. Tájiriybe sınaw maydanına kiritilgen sabaqlıq bul álipbe boldı.

Birinshi kóriniste álipbe sabaqlıǵı boyınsha ulıwma mashqalalıq máseleler ortaǵa qoyıldı. Bul sabaqlıqtıń házirgi jaǵdayı, olardı jetilistiriw jumısları boyınsha sholıw jumıslari ámelge asırıladı.

**Ekinshi kórinis:** Jańa áwladtaǵı sabaqlıqlardı dúziw, olardı jetilistiriw hám alǵa qoyılǵan wazıypaları boyınsha 10-15 minut dawamında konspekt jazıladı. Konspekt tekstleri tiykarınan alǵanda jańa awladtaǵı sabaqlıqlar boyınsha mańızlı máselelerge baǵıshlanadı. Al bul másele boyınsha aytılıp atırǵan ulıwma gápler konspekt ishinde kiritilmeydi.

Joqarıda atı atalǵan eki kórinis tiykarınan alǵanda tájiriybe sınaw maydanında ótkeriletuǵın eksperement jumıslarına tayarlıq bolıp esaplanadı.

**Úshinshi kórinis:** Álipbe sabaqlıǵı boyınsha baslawısh klass muǵallimleriniń pikirleri, toplamları dúziledi. Bunday pikirge, birinshi gezekte olardıń sabaqlıq boyınsha bergen bahaları eksperiment jumısına kiritile baslaydı. Baslawısh klass muǵallimleri tárepinen álipbe sabaqlıǵına qoyılatuǵın bahalar bes shkalalıq ólshemde qoyıladı. Atap aytqanda sabaqlıǵı «bes» dárejesinde dúzilgen be? «Tórt» dárejesinde dúzilgen be? «Úsh» dárejesinde dúzilgen be? Bul orında «eki» dárejesinde dúzilgen be? – degen baha eksperiment sınaw maydanına kiritilmedi.

Bunıń tiykarǵı sebebi, álipbe sabaqlıǵı sonsha kóp basqıshta ótip, baspa sózde jarıq kóriw menen baylanısli bolıp otır. Basqasha sóz benen aytqanda sabaqlıq quramalı sistemadan ótkennen keyin ǵana muǵallimler menen oqıwshılardıń qolına jetip keledi. Demek, sabaqlıqtıń bahası «eki» bolıwı múmkin emes.

Bunnan basqa álipbe sabaqlıǵına baha qoyarda «Juwap beriwge qıynalaman»- degen muǵallimlerdiń múnásebeti eksperiment jumısına jaqınlastırılmaydı. Bunıń tiykarǵı sebebi bunday túrdegi tájiriybe sınaw maydanında diplomlı baslawısh klass muǵallimleri qatnasatuǵınlıǵın esapqa alatuǵın bolsaq, onda diplomlı qánigeler ózleriniń hár kúni paydalanatúǵın oqıw qurallarına baha beriw múmkinshiliklerine álbette, iye bolıwı tiyis.

Ótkerilgen tájiriybe sınaw maydanında baslawısh klass sabaqlıqlarına berilgen baha «4» yamasa «5» bahanıń beriletuǵınlıǵı anıqlanadı. Bunday túrdegi eksperiment jumısları ótkerilip bolınǵannan keyin pikir almasıw kórinisine ótiledi.

**Tórtinshi kórinis:** Bul kórinis tolıǵı menen derlik óz-ara doslıq formasındaǵı pikir almasıw kórinisinde ótiledi.

Dáslep belgili bir sabaqlıqqa bes bahasın qoyǵan muǵallimlerdiń pikirleri tıńlanadı. Bul pikir tiykarınan alǵanda, nelerge tiykarlanıp sabaqlıqqa bes qoyılǵanlıǵı haqqındaǵı pikirler toplamı jıynaladı. Ádette sabaqlıqtıń jetiskenliklerin tiykarlap kórsetiwshi pikirler jaǵdaylarda altı yamasa jeti poziciyadan turatuǵın kórinisten ibarat boladı. Bunday kórinistegi pikirler toplamın awditoriyada «plyusler» toplamı dep shártli túrde belgilep ótemiz.

Bunnan keyin sabaqlıqtıń kemshiliklerin kórsetetuǵın «minus» toplamın dúziw jumısları ámelge asırıladı. Sabaqlıqlar boyınsha bildirilgen kemshilikler, «4» hám «3» bahasın qoyǵan metodistlerden sorala baslanadı. Tájiriybe sınaw maydanında sabaqlıq boyınsha bildirilgen «minus» pikirleri, kópshilik jaǵdaylarda jeti yamasa segiz poziciyadan turadı.

**Besinshi kórinis:** Tájiriybe sınaw maydanındaǵı bárshe «plyus» hám «minus» pikirleri jıynalıp bolınǵannan keyin, sabaqlıq boyınsha alıp barılıp atırǵan sońǵı ilim izertlew jumıslarınıń juwmaqları arnawli monografiyalıq yamasa ilimiy maqalalardan alınıp

awditoriyada esittiriledi. Bul izertlewlerde bir qatar sabaqlıqlarǵa bildirilgen ótkir kritikalıq sın pikirleri de orın alǵan boladı.

**Altınshı kórinis:** Bul kóriniste tájiriybe sınaw maydanındaǵı analizlenip atırǵan sabaqlıqqa bes bahasın qoyǵan metodistlerdiń pikiri tıńlanadı. Yaǵnıy sabaqlıq boyınsha bildirilgen kemshilikler boyınsha olardıń pikirleri úyreniledi. Basqasha sóz benen aytqanda sabaqlıq boyınsha bildirilgen kemshilikler durıs pa? yamasa durıs emes pe?- degen sorawlar beriledi.

**Jetinshi kórinis:** Sabaqlıq boyınsha úshinshi kórinis siyaqlı eksperiment qaytadan ótkeriledi. Eksperimenttiń juwmaqlarına qaraǵanda sabaqlıqqa bes bahasın qoyǵan metodistlerdiń 90-95%ı endigiden bılay sabaqlıqqa qoyǵan bahası bes emes bálki tórt bahasına túsetuǵınlıǵın kóremiz.

**Segizinshi kórinis:** Bul kóriniste awditoriyada sabaq alıp barǵan lektordıń sabaqlıq boyınsha pikiri hám awditoriyada alıp barılǵan eksperimentlerdiń nátiyjeleri, analizleri menen juwmaqlanadı. Bul tiykarda alıp barılǵan ámeliyat nátiyjesinde, baslawısh klass sabaqlıqlarınıń bilimlendiriw jámáátindegi ornı ayrıqsha áhmiyetke iye boladı. Bul alınǵan nátiyjeler tiykarında segiz kórinisten ibarat tájiriybe sınaw maydanındaǵı alıp barılǵan bunday túrdegi sabaq tómendegi nátiyjelerdi beretuǵınlıǵı anıqlandı.

**-Birinshi:** Metodist muǵallimlerdiń sabqlıq boyınsha erkin pikirlew kónlikpeleriniń bir adım bolsa da alǵa qaray ilgerilewine tiykar saladı.

**-Ekinshiden: o**lardıń sabaqlıq boyınsha sın beriw kónlikpeleri jetilisedi.

**-Úshinshden:** Kúndelikli paydalanıp otırǵan sabaqlıqlar boyınsha recenziya jazıw kónlikpeleri júzege keledı.

**-Tórtinshiden:** Sabaqlıq boyınsha ushırasqan kemshiliklerdi orınlarda saplastırıp barıw múmkinshilkleri tuwıladı.

**-Besinshiden:** Xalıq bilimlendiriw tarawındaǵı jańa áwladtaǵı sabaqlıqlardı jetilistiriw hám olardıń rawajlanıwı ushın óz úlesin qosıw múmkinshilikleri de júzege keledi.

Joqarıdaǵı bes poziciya boyınsha alınǵan nátiyjeler tiykarında tómendegi usınıslardı atap ótıwge boladı.

1.Oqıwshılar jámáátiniń tıńlawshı emes, bálki sabaqtı shólkemlestiriwshi sıpatında qatnasıwları tiyis. olar sabaqtı shólkemlestiriwde bastan ayaǵına deyin qatnasıwı zárúr ekenligin umıtpawımız kerek.

2. Muǵallim sabaqtı ótiw procesinde, kórinislerdi ózgertip barıw jumıslarına múmkinshiligi barınsha erisiwleri tiyis. Álbette bir kórinisten ekinshi kóriniske óter waqıtlarındaǵı alıp barıp atırǵan isilajlar oqıwshılardıń sezbey qalıw jaǵdaylarına da támiyinlep barıw zárúr.

Bul orında sabaqtı alıp barıw barısında múǵallimlerden úlken pedagogikalıq tájiriybelerdi talap etiletuǵınlıǵı sózsiz.

3. Baslawısh bilimlendiriwdegi ótilgen sabaqlıqlardı tórt kórinisten shólkemlestiriw, maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

-Birinshi úyge tapsırmalardı soraw hám bul tapsırmalardı orınlaǵan oqıwshılarǵa ılayıqlı bahaların qoyıw:

- ekinshi taza temanı ótiw:

-Úshinshi taza temanı bekkemlewde didaktikanı paydalanıp ótiw:

-Tórtinshisi óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriw. Bul kórinislerdiń bárshesi 40-45 minut ishinde ámelge asırılıwı tiyis. Joqarıdaǵı kórsetilgen úsh usınıs baslawısh bilimlendiriw sabaqlıqların oqıtıwda óziniń unamlı nátiyjelerin beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Ayımbetov M.K., Tajbenova. S. Baslawısh bilimlendiriw sabaqlıqların jetilistiriw máseleleri.// Ózr Iaqqb «Xabarshısı» jurnalı. -Nókis: 2004, N34, 150-152- b.

2. Айымбетов М.К. О современных методах обучения в системе народного образования. Тенденции и инновации современной науки.

http://pedagog.uz/

http://edu.uz/

**РЕЗЮМЕ**

Boshlang'ich ta'limda ona tili fani o'qitivchsining asosiy vazifasi o'quvchilarni to'g'ri gapirishga va chiroyli yozishga o'rgatishdan iborat. Bunda asosiy vosita darslik hisoblanadi. Unutmaslik kerakki, tavsiya qilinayotgan texnologiyani o'rganish murakkab jarayon. Maqolada boshlangich davr darsliklarining xususiyatlari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ**

Основная обязанность учителей родного языка на начальном этапе обучении - это научить правильно говорить и грамотно писать. Главным материалом является учебник. Следует не забывать, что привыкание и изучение предложенной новой технологии сложный и трудный процесс. В статье рассматриваются особенности учебников на начальном этапе обучения.

**SUMMARY**

The main duty of the teacher of the native language at the elementary level of teaching is to teach students to speak and spell correctly. The main means of teachihg is a textbook. The author of the article studies the peculiarities of textbooks at the elementary level. We shouldn't forget that using suggested new technology is the complex and difficult process.

## ЭЛЕКТРОН АХБОРОТ ТАЪЛИМ МУҲИТИДА ЎҚИТУВЧИЛАРНИНГ КАСБИЙ КОМПЕТЕНТЛИГИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ ТЕХНОЛОГИЯЛАРИ

**Р.Г.Исянов** - *ўқитувчи*

**Д.М.Маматов** - *ўқитувчи*

*Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети*

**Таянч сўзлар:** касбий компетентлик, умумтехник тайёргарлик, технологик тайёргарлик, ахборотнинг репрезентативлиги.

**Ключевые слова:** профессиональная компетентность, общетехническая готовность, техническая готовность, репрезентативность информации.

**Key words:** vocational competency, basic readiness, technical readiness, representativeness of information.

Касб таълими ўқитувчисининг махсус тайёргарлигида энг муҳими уларнинг технологик билимларга эга бўлишидир. Касб таълими ўқитувчиси фаолиятининг асосий функциялари қуйидагилар: таълимий, тарбиявий, ривложлантирувчи, (меҳнат, технологик маданият, ақлий, жисмоний, ахлоқий, экологик, ҳуқуқий, эстетик, маънавий), ташхис қилувчи, бошқарувчи, назорат қилувчи, муҳандислик, тадбиркорлик, конструктор-технологик, ташкилотчилик, ихтирочилик-рационализаторлик ва бошқалар. Булардан келиб чиққан ҳолда касб таълими ўқитувчисида қуйидаги талаблар шаклланган бўлиши зарур:

1. Касбнинг шахсга бўлган талаблари: билим, кўникма, тажриба, психологик-педагогик қобилият (ҳоҳиш, истак); педагогик маҳорат, педагогик компетентлик ва ўзини тутиш; касб таълими методикасини ҳамда тарбия ишларни ташкил этиш ва методикасини билиши; таълим натижаларини баҳолашни илмий жиҳатдан билиш ва бошқалар.

2. Ўқитувчининг шахсий сифатлари: инсонпарварлик, болани севиш, касбий-педагогик йўналганлик, ижтимоий эҳтиёжлар, ахлоқий ва умуминсоний-миллий қадриятлар, маъсулият ва жамоавий бурч, ташкилотчилик қобилиятлари ва бошқалар.

3. Ўқитувчидан талаб этиладиган билимлар: гуманитар, ижтимоий-иқтисодий, психологик-педагогик, умумтехник, махсус.

Шундай қилиб, бўлажак касб таълими ўқитувчисининг технологик тайёргарлигига талаба томонидан ихтисослашув доирасида чуқурлашган, технологик билимлар, малака ва кўникмаларни ўзлаштирилишининг натижаси деб қараш мумкин. Ўқитувчи фаолиятининг натижаси – талабаларнинг эгаллаган билим даражасида кўринади. Булар: техник ва технологик билимлари, энг оддий маҳсулотни тайёрлаш бўйича фаолияти натижалари, касбий мослашувчанлик, технологик операцияларни бажариш бўйича кўникма ва малакалар, мустақил ишни ташкил этиш ва бошқаларда намоён бўлади. Ахборотдан фойдаланиш имконияти ва самарадорлиги унинг репрезентативлиги, мазмундорлиги, етарлилиги, актуаллиги, ўз вақтидалиги, аниқлиги, ишонарлилиги, барқарорлиги каби асосий истеъмол сифат кўрсаткичлари билан боғлиқдир.

1. Ахборотнинг репрезентативлиг - объект хусусиятини адекват ифода этиш мақсадларида уни тўғри танлаш ва шакллантириш билан боғлиқдир.

2. Ахборотнинг мазмундорлиги - мазмуний ҳажмини ифода этади.

3. Ахборотнинг етарлилиги (тўлалиги) - қарор қабул қилиш учун минимал, лекин етарли таркибга (кўрсаткичлар жамламасига) эга эканлигини билдиради. Тўғри қарор қабул қилиш учун тўлиқ бўлмаган, шунингдек, ортиқча бўлган ахборот ҳам фойдаланувчининг қабул қилган қарорлари самарадорлигини камайтиради.